

## АДÆЙМАГÆН Æ НОМÆВÆРÆГ ДÆР АДÆМ ÆНЦÆ ÆМА Æ КАДÆГÆНÆГ ДÆР!..

*Валентин ГАФТ (1935-2020), Уæрæсей адæмон артист: «Зæнхæбæл адæймагæй берæ аразгæ 'й. Æма барадон æгъдæуттæ, цардиуагон фæткитæ ку фехæлунцæ, уæд æнæмæнгæ æфхуæрд баййафуй. Сæртæ къуæрун æма тухмиуи агъазæй æгъдæуттæ ка æвæра, уæхæнттæ нæ нæ гъæуй, гъай-гъай. Гъæуй æфсармæ æма хуæрзуагæ кæмæ ес, уæхæн адæймæгутæ. Балхæнæн кæмæн нæ уа, гæртантæ ка нæ еса...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№39 (1008) 2025 анзи 11 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


### КАДГИНÆЙ ИМИСÆН, СÆРУСТУР КÆМÆЙ АН, НÆ ЕЦИ РАЗАГЪДИ АДÆЙМÆГУТИ РОХС НÆМТТÆ...




*Цард нади хузæн æй. Æцæг, надæн аргъгæнæг бæлццон фæууй, адæймаги цардвæндагæн ба – адæм дæр æма рæстæгутæ дæр. Уомæ гæсгæ ба нæ бон федарæй уотæ зæгъун æй, æма адæм дæр, æма рæстæгутæ дæр кæд æма еци уæлзæнхон цардиуаги гъуддæгутæй арфиаг æнцæ, уæд уонæн сæ фиццæгти-фиццæгтæй еу æй Гапбати Александри фурт Иван (адæм æй уарзонæй худтонцæ Гоце). Кæд абони не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æ цардвæндаг нæ фæккæрон æй, нæ цардиуаги нæ хæццæ æмдзо кæнуй æ арфиаг фæллæнттæй, нæ дзиллæ 'й зæрдиагæй имисунцæ, сæ загъд фæууй: «Фарнæхæссæг нин адтæй, имисуйнаг нин æй æностæмæ!..» Абони 'й мах дæр имисæн, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ æма æрæги, 7 октябри æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1975). Æ номерæнæн мухур кæнæн хецæн æрмæгутæ 3-7-аг фæрстæбæл.*

### ХЪÆППÆРЕС



### МУГГАГ Æ ФÆЛТÆРТИ ХУÆРЗÆГЪДАУÆЙ ЦÆРУЙ ÆМА ФЕДАУЙ...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Кади номхæссæнтæ бийнонтæй дæр фæууй æма муггагæй дæр!..» Æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, нæ Дигори нæмæ алли муггаг дæр æнхæст æй, сæрустур кæмæй æнцæ, уæхæн номхæссæнтæй. Уонæй хе цитгин кæнун кæд раст æй, уæддæр æнхæст нæй. Рæстæгутæ, кæрæдзей æййевгæ куд евгъуйунцæ, уотæ кæрæдзей æййевунцæ фæлтæртæ дæр. Æма ахсгиаг æй, цæмæй нæуæг фæлтæртæ дæр бæлвурдæй зононцæ сæ муггаги цитгиндзийнади хабæрттæ, уонцæ си сæрустур, хестæрти фæнзонцæ хуæрзæгъдауæй æма арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхунæй.

Еци ихæс сæхецæн æнæмæнгæ æнхæст кæнуйнагбæл нимайунцæ Дедегкати муггаги дзиллæ дæр. Уой фæдбæл бундоронæй æрдзубанди кодтонцæ æрæги сæ еумæйаг æмбурди.

Уоми æмвæндæй равзурстонцæ сæ муггаги Совет дæр. Рахастонцæ си цалдæр зæрдæмæдзæугæ унаффи дæр. Зæгъæн, муггаги хуæрзауодæн Фонд исаразуни туххæй. Еци фондмæ алли бийнонтæ дæр дæтдзæнæнцæ сæ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ æхцай фæрæзнитæ. Еци фæрæзнитæ ба муггаги Совети унаффæй харзгонд цæудзæнæнцæ, муггагæй тухст уавæрти ка бахауа, уонæн фæййагъаз кæнунæн.

Æмбурди ма дзубанди муггаги 'хсæн нæ адæмон æгъдæуттæ куд гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ, уобæл дæр. Уæлдайдæр ба мæрдæгъдæуттæ æнхæст кæнуни гъуддаги. Ци унаффитæ рахастонцæ, уонæй еу е адтæй, цæмæй мæрдæгъдæуттæ æнхæст кæнун ку багъæуа, уæд си фингитæбæл карз ниуæзтæ æвæрд ма цæуа.

Дедегкати муггаги цардвæндаг гъæздуг æй берæ зæрдæдзæугæ хабæрттæ æма цаутæй, адтæй сæмæ æма сæмæ абони дæр ес, аллихузон арфиаг гъуддæгутæй ка фескъуæлхтæй, уæхæн адæймæгутæ. Цæмæй еугур еци хабæрттæ æносонгонд æрцæуонцæ, уой туххæй ба æнæмæнгæ гъæуй муггаги анзфинсти киунугæ исаразун дæр.

Аци æмбурди ци фарстатæбæл цудæй дзубанди, уонæмæ еума хатт каст æрцæудзæнæй сæ муггаги кувди дæр. Е дæр гъæуама рæхги арæзт æрцæуа, уой дæр се 'рвадтæл муггæгти Тауитти æма Къеуурости хæццæ.

***Нæ уацхæссæг***

*«Багъæуай кæнæн гъæдæ!..», зæгъгæ, акций æвдæймаг сезони фиццаг мадзал Цæгат Иристони арæзт æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни нæ адæми уæлахезон тохи кадæн. Дигори райони гъæдæ гъæуайгæнæн къабази æма нæ республики гъæдикустгæнæг кустуати косгутæ нивварддонцæ бундор исонибони гъæдæн – ниссагътонцæ сурх толдзи мин талай.*



# ЕУ БОНÆН ЦИ КУСТ НÆ БАКÆНАЙ...

Кæддæр, дан, еу лæхъуæн исфæндæ кодта балций рандæ ун æма æ мади фæрсуй:

– Фæндаггагæн мæ хæццæ ци райсон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ!.. – адтæй мади дзуапп.

Æма лæхъуæн æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ ранæхстæр æй æ балций. Кумæ бафтуйидæ, еци рауæнти ибæл алкæмидæр хъæбæр зæрдиагæй исæмбæлиуонцæ, характтæй æй исиуазæг кæниуонцæ. Уоййасæбæл нимади адтæй æ фидæ адæми 'хсæн…

Аци таурæхъи кой раздæр дæр ма кодтан, фал æй абони бабæй хумæтæги нæ æримистан. Цæветтонгæ, нæ республики Парламенти Совети кезуй æмбурд арæзт æрцудæй Ирæфи райони. Æма си дзубанди кæд абони цардиуаги ахсгиаг фарстати фæдбæл адтæй, уæддæр сæмæ каст ба цудæй рагæй-æрæгæмæ си ци берæ фарнæхæссæг æгъдæуттæ ес, уони хæццæ сæ баргæй.

Нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр æмбурди æ дзубанди уой фæдбæл хабæрттæй хумæтæги нæ райдæдта. Æ загъд адтæй:

– Райони медæгæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ исæнтæстæй æма цардгъонæй ниффедар æнцæ уæхæн зæрдæмæдзæугæ æгъдæуттæ æма фæткитæ, кæцити ахедундзийнадæ æ рæстæги бæрзонд адтæй æма нин абони дæр пайдахæссæг æнцæ. Уой рæстуодæй лæдæрун ахсгиаг æй. Цæмæй исонибонмæ æуууæнкгинæй кæсай, уой туххæй бал фиццагидæр бæлвурдæй зонай дæ фидтæлти, дæ Фидибæсти евгъуд дзамантæ, арæхсай син рæстуодæй аргъ кæнунмæ, пайдахæссæгæй си ци ес, уомæй хе ефтонг кæнунмæ. Уонæй ба райони анзфинст гъæздуг æй.

Райони цæргутæ устур байвæрæн бахастонцæ айдагъ нæхе республики нæ, фал нæ еугур Уæрæсей цардарæзтмæ дæр, уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, нæ Цитгин Уæлахези сæрбæлтау удуæлдайæй тохгæнгæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ.

Райони райрæзтæн раздæри рæстæгути уоййасæбæл берæ материалон фæрæзнитæ дехгонд дæр нæ цудæй, фал, уæддæр хе гæнæнтæ æма равгитæй хæдзарддзинæй пайда кæнгæй, берæ æнтæстæй адæмæн царди хабæрттæ аразуни. Адтæй сæмæ нифс æма разæнгарддзийнадæ. Уæхæн нифс æма разæнгарддзийнадæ абони никки ахсгиагдæрæй гъæунцæ.

Абони нæ мæтæ гъæуама уа, цæмæй нæ фæсевæд байлæгъ кæнонцæ æгъдаугин æма кустуарзонæй. Цæмæй сæ исонибон рауайа, мах дæр си боз куд уæн æма си сæхуæдтæ дæр арази куд уонцæ, уотæ.

Гъе уæхæн нисанеуæги æмвæзади æнхæстгонд гъæуама цæуонцæ райони социалон-экономикон райрæзти еугур фарстатæ дæр. Уой фæдбæл дзоргæй, Тускъай-фурт загъта:

– Фæстаг рæстæгути райони социалон-экономикон ирæзти къабази æйййивддзийнæдтæ хуæздæрæрдæмæ зиннун райдæдтонцæ адæми цардиуаги.

Е кæд æхцæуæн æй, уæддæр æнхæстæй нæ, уомæн æма ма нерæнгæ ес дзæвгарæ нæхъæртондзийнæдтæ дæр, кæцитæ хатгай фæуунцæ нæхецæй аразгæ. Фулдæр æргом æздахун гъæуй паддзахадон æма муниципалон разамунд дæттунади фулдæр хъæппæрес равдесунмæ.

Ес ма нæмæ дзæвгарæ æвæрæнтæ, кæцитæй æнхæстæй испайдагæнгæй, фæффулдæр уодзæнæнцæ бунæттон бюджети байвæрæнтæ, уæдта син паддзахадæй ци фæрæзнитæ уагъд цæуй, уонæй дæр цæудзæнæй æнхæстдæрæй пайдагонд.

Еугур еци фарстати фæдбæл адтæй æ радзубанди райони муниципалон исконди сæргълæуууæги хуæдæйййевæг **Махъоти Сосланæн**. Куд фегъосун кодта, уотемæй бюджет евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ рауадæй æфтуйæггин. Æфтуйæгтæ 'нцæ 687103 мин соми, хæрзтæ ба – 673454 мин соми.

Æ радзубандий фулдæр æргом раздахта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахуради, цæрæнуатон-коммуналон, гъæууон хæдзаради, культури, туризм æма æхсæнадон царди иннæ къабæзти анзи дæргъи райони ци æйййивддзийнæдтæ 'рцудæй, уомæ.

Махъой-фурт сæрмагондæй ранимадта, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ка 'й, еци фарстатæмæ.

Райони центрон сæйгæдонæ 'й бундорон цалцæг кæнуйнаг, кенæ ба ин гъæуй нæуæг бæстихай исаразун. Исаразун гъæуй, сувæллæнттæн, 120 бунати кæми уодзæнæй, Чиколай уæхæн рæвдауæндонæ дæр. Уой туххæй нуртæккæ цæттæ кæнæн проектон-гæрзти гæгъæдитæ. Сæйгæдони нæййес фагæ специалисттæ, скъолати дæр нæ фагæ кæнуй хецæн предметти ахургæнгутæ, уæлдайдæр æригæнттæ, æма е дæр æй сагъæссаг фарста.

Райони ахсгиаг фарстатæбæл адтæй æ радзубанди Парламенти цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма арæзтадон политики комитети сæрдар **Остъати Геуæргийæн** дæр:

– Райони нæдти 44 километри цалцæггонд кæд æрцудæнцæ, уæддæр ма се 'мбеси бæрцæ нуриккон домæнтæн дзуапп нæ дæттунцæ. Уæлдай сагъæссаг ба е æй, æма хъæбæр берæ рæстæгути алли анз дæр райони хумзæнхитæн сæ фулдæр ахæссуй нартихуар, уотемæй æйййевгæтуди уагæвæрдтæ ихæлд цæунцæ.

– Анзи бюджет æфтуйæггин кæд рауадæй, уæддæр ма æфтуйæгтæ никки фæффулдæр кæнунæн гæнæнтæ ес, – загъта депутат. Хæстæгдæр дууæ анзей пъланбæл дзубанди кæнгæй, куд фегъосун кодта, уотемæй цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради цалдæр объекти. Кустити аргъ уодзæнæй 800 миллион сомемæй фулдæр.

Социалон политики фарстатæ райони куд лухгонд цæунцæ, уобæл адтæй æ радзубанди Парламенти Сæрдари хуæдæйййевæг **Дойати Светланæн**. Е дæр е 'ргом раздахта медицинæ æма ахуради къабази косгути кадавардзийнадæмæ. Куд загъта, уотемæй, райони скъолати ци 259 ахургæнæги ес, уонæн айдагъдæр сæ 22 проценти 'нцæ, 40 анземæй дæлæмæ кæбæл цæуй, уæхæнттæ.

– Нæуæг сæйгæдонæ исаразуни фæдбæл ба куд загъта, уотемæй гъæугæ гæгъæди бахъæрттæй федералон оргæнтæмæ. Уомæй уæлдай бундорон исцалцæг кæнуйнаг æй Хæзнидони амбулатори дæр.

Æмбурди рæстæг ма дзубанди цудæй, фарæ Парламенти депутаттæ, Ирæфи район бабæрæг кæнгæй, ци хатдзæгтæ æма унаффитæ рахастонцæ, етæ анзмæ куд æнхæстгонд æрцудæнцæ, уой фæдбæл. Парламенти закъонæвæруйнади, закъонадæ æма бунæттон хеунаффæйади комитети сæрдар **Черчести Аслан** куд загъта, уотемæй сæ фулдæрей район исæнхæст кодта, фал ма æнхæст кæнуйнаг гъуддæгутæ байзадæй:

– Паддзахадон агъази мадзæлттæй куд пайдагонд цæуй, еци гъуддаг домуй бæрнон цæстæдард. Райони нæййес культурæ æма фæлладуадзæн парк, æма уомæ дæр гъæуй æркæсун.

Совети иуонгтæ ма 'ркастæнцæ республики социалон-экономикон æма æхсæнадон-политикон царди хæццæ баст республикон закъонти проекттæмæ. Етæ баст æнцæ культурон бунти объекттæ паддзахадон æгъдауæй багъæуай кæнун æма си пайда кæнуни уагæвæрдти хæццæ, республики еуæйеу закъонæвæруйнадон акттæмæ æйййивддзийнæдтæ бахæссун æма æндæр фарстати хæццæ. Радзубандигæнгутæ адтæнцæ Парламенти Сæрдари хуæдæйййевæг **Гутнати Аслæнбег**, науки ахуради, културæ æма информацион политики комитети сæрдар **Еленæ Князева** æма аграрон æма зæнхи политики, экологи æма æрдзон фæрæзнити комитети сæрдар **Качарати Олег**.

Аци депутатон балций рæстæг ма Тускъати Тайморазæн адтæй фембæлд райони амалгъон адæймæгути хæццæ. Архайдтонцæ ма си Махъоти Сослан, райони Минæвæртти Æмбурди сæрдар **Гъуцъунати Хъазбег**, Парламенти Сæрдари хуæдæйййевæг **Ортабайти Тимур**, депутаттæ Качарати Олег æма **Махъоти Хетæг**. Фембæлди рæстæг ци дзубанди райеудагъ æй, е рабæрæг кодта минкъий æма рæстæмбес амалгъонади тухстаг фарстатæ. Уони фæдбæл сæ гъудитæ æма фæндонтæ загътонцæ турбазæ «Дзинагъа»-й генералон директор **Перисати Александр**, глэмпинг «Высоцкий»-и директор **Хъибизти Алексей**, æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Ирæфи хуйæн фабрики» директор **Таухъазахти Ирбег** æма иннетæ. Гранттæ æма субсидитæ дæттуни уагæвæрдтæ, сæрмагонд æфсæддон операцийæй ка исæздахтæй æма нур амалгъонадон куст кæнун ка фæндæ кæнуй, уонæн паддзахадон агъази мадзæлттæ, минкъий æма рæстæмбес амалгъонадæбæл æвæрд хъалонтæ фæмминкъийдæр кæнун, туризм цæмæй рапарахат уа, уой хæццæ. Ирæфи райони алæмæти æрдзæн знаггадæ куд нæ хæсса – амалгъон адæймæгути аци æма æндæр фарстатæн Парламенти Сæрдар лæвардта лæмбунæг дзуæппитæ. Тускъати Таймораз син арфæ ракодта, сæ дæснидзийнадæ æма фæлтæрддзийнади фæрци райони ахсгиаг гъуддæгутæй сæхе еуварс ке нæ кæнунцæ, фал сæ лух кæнунбæл ке архайунцæ, уой фæдбæл.

Еци бон ма Тускъати Таймораз бабæрæг кодта, «Гъæууон фæзуæтти еумæйаг райрæзт»-и паддзахадон программи фæрци Лескенмæ бацæуæни цæргутæн ци нæуæг фæлладуадзæн бунат арæзт æрцудæй, уой, æма Лескени културi Хæдзари нуриккон гæнæнтæмæ гæсгæ ефтонггонд киунугæдонæ.

* * *

Ирæфи райони ци кезуй æмбурд рацудæй, уой фæдбæл нæ радзубандий кæронбæттæни ма уин ракæнуйнаг ан еума таурæхъ.

Цæветтонгæ, дууæ лæги надбæл цудæнцæ æд уæргъæ. Еу си æ уаргъ æ рагъæй нæ иста, иннæ ба 'рлæууидæ, æ уаргъ зæнхæбæл æрæвæридæ æма, уотемæй æ фæллад уадзунмæ 'рбадидæ. Ка 'й зонуй, уотемæй имæ æнцондæр кастæй. Фал æй æ уаргъ алли хатт дæр æ рагъмæ нæуæгæй есун багъæуидæ. Æма уотемæй бустæгидæр бастадæй. Æ уаргъ зæнхæмæ ка нæ иста, е ба минкъийдæр бафæлладæй.

Аци хабарæй уой зæгъуйнаг ан, æма Ирæфи райони абониккон цардиуаги ци берæ райаразуйнаг фарстатæ ес, уони æнхæст кæнунмæ æрæргъувæ-æрæргъувæй æвнæлд ма цæуа. Уæхæн адтæй аци æмбурди хатдзæгтæй дæр еу. Нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Еу бонæн ци куст нæ бакæнай, е сæдæ бони байзайуй…»

***БИЧИЛТИ Алетæ***

## АГЪАЗГÆНÆГ МАДЗÆЛТТÆ



**Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæй запасмæ ка рацудæй æма си гъæууонхæдзарадон проекттæ æнхæст кæнун ке бафæндæуа, уонæн федералон агъазкæнуйнади фæрци сæ бон уодзæнæй æхцай фæрæзнитæ райсун.**

**Нæ республики хецауади æмбурди гъæууон хæдзаради министр Къусрати Алан куд фегъосун кодта, уотемæй еци фæрæзнитæ лæвæрд цæудзæнæнцæ зæнхикусткæнуйнади æма фонсдарунади къабæзтæ райрæзун кæнуни гъуддæгутæ æнхæст кæнунæн.**

**Сæрмагонд къамиси 'рдигæй каст цæудзæнæй, ци проекттæ сæмæ бадæттонцæ, уонæмæ. Материалон фæрæзнитæ хъæртунцæ авд миллион сомемæ.**

**Хуцаубони, 12 октябри бæрæггонд цæудзæнæй гъæууон хæдзаради æма продукций кустгæнæг промышленности косгути Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики аци къабæзти фæллойнæгæнгутæн!..**

*МАЛИТИ Батраз (1937-2005), финсæг, Гапбати Ивани тухххæй киунугæ «Гоце» исаразæг: «Ездон, сабурзунд æма минкъийдзорагæ лæг адтæй Гапбати Иван. Арф дон нæ лæкъун кæнуй, зæгъгæ, фæззæгъиуонцæ æма е раст æй. Арфзунд ке адтæй, уомæ гæсгæ Иван дæр некæд хæлæмулæ æма лæкъун кодта. Дзурд æма гъуди исзæгъуни разæй бал сæбæл сагъæс ракæнидæ...»*





Ивани фидæ Александр (Сандир)



Ивани мадæ Дзета (Сафетка) Толасти Налухъи кизгæ



Сæ фурт Иван

# АДТÆЙ НИН ФАРНÆХÆССÆГ, ЦИТГИЙНАГ НИН ÆЙ Æ ЦАРДВÆНДАГ...

Гапбати Александри фурт Иван райгурдæй 1915 анзи Цæгат Иристони АССР-и Дигори райони Гæлиати. Гъæууон райдайæн скъола каст ку фæцæй, уæд ахур кодта педагогон техникуми, уæдта Мæскуй хигъди-экономикон институти рабфаки. 1938 анзи Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институт каст ку фæцæй, уæд куста Хъармани æма Æрæдони скъолати директорæй.

Гапбати Иван 1941 анзæй фæстæмæ кодта партион куст: адтæй партий Æрæдони райкоми организацион хайади сæргълæууæг, Дигори МТС-и политхайади хецауи хуæдæййевæг æма хецау, партий Дигори райкоми пропагандæ æма агитаций хайади сæргълæууæг, СЦКП-й Мæхчески райкоми, уæдта Дигори райкоми фиццаг секретарь.

Гапбати Иван 1950 анзи æвзурст æрцудæй СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми секретарæй. 1952-1953 æнзти ахур кодта СЦКП-й ЦК-й партион къурсити, каст сæ ку фæцæй, уæдта нæуæгæй æрвист æрцудæй разамонæгæй партион кустмæ.

Гапбати Иван 1955 анзæй 1960 анзи уæнгæ куста Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совети Президиуми секретарæй. 1960 анзæй 1963 анзи уæнгæ адтæй Цæгат Иристони АССР-и Министрти Совети, телеуинунади æма радиоигъосунади комитети сæрдар, 1963 анзæй фæстæмæ ба – республики культури министр.

Гапбати Иван 1966 анзи нисангонд æрцудæй Цæгат Иристони АССР-и Министрти Совети сæрдари хуæдæййевæгæй. Еци бунати куста æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ.

Облæстон партион организаци Гапбати Ивани æрвиста кумæдæриддæр, партион æма советон кусти, еци къабæзти æвдиста устур организацион арæхстдзийнадæ. Æхе равдиста хъæппæресгун разамонæгæй, фæллойнæуарзагæ, партион æгъдауæй принципиалон адæймагæй. Гъæздуг фæлтæрддзийнадæ æма имæ берæ зонундзийнæдтæ ке адтæй, уой фæрци арæхстгинæй лух кодта республики культури арæзтади фарстатæ, къæрцгъос æма цæстуарзон адтæй адæммæ, устур кадæ ин кодтонцæ æма ’й уарзтонцæ фæллойнæгæнгутæ.

Устур Фидибæстон тугъди æнзти СЦКП-й обкоми фæдзæхстмæ гæсгæ Гапбати Иван партизанти тох аразта немуцаг-фашистон лæборгути нихмæ.

Гапбати Александри фурт Иван разæнгардæй архайдта æхсæнадон-политикон царди. Адтæй ССР Цæдеси æртиккаг равзурст Сæйраг Совети депутат, Цæгат Иристони АССР-и æртиккаг, цуппæрæймаг, фæндзæймаг, æхсæзæймаг, æвдæймаг æма æстæймаг равзурст Сæйраг Совети депутат. Цалдæр хатти æвзурст æрцудæй СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми иуонгæй.

Гапбати Иван æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1975 анзи 10 феврали, байвардтонцæ ’й Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи уæлмæрдти.

Райгурæн бæсти рази æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдиста, уой тухxæй Гапбати Иванæн лæвæрд æрцудæй Фæллойнадон Сурх Турусай орден, орден «Кади Нисан» æма майдантæ.

Фал ин еугур хуæрзеугутæй хуæрзеуæгдæр ба адтæй, æ уарзон адæми нимайундзийнадæ. Гапбати Иван кæд абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр цæруй нæ зæрдити, уомæн æма си ихæсгин ан – æ берæ хъиамæттæ еугурæй дæр адтæнцæ нæ райгурæн Иристони фарнæн, нæ адæми хуарзæн, уой фæдбæл гъуддæгутæй еунæгеми дæр æ хъауритæй, æ зундæй, æ дессаги лæгигъæдтæй æхебæл нæ аурста.

Æма ин абони æ номерæнæн уой бæрцæ æрмæгутæ ке мухур кæнæн, е дæр, махмæ гæсгæ, лæдæрд æй. Гапбати Иван æ цæргæ-цæрæнбæнтти рæстуодæй фæхъхъиамæт кодта нæ адæми хуарзæн, æ фæллæнттæй нин абони дæр ма беретæ фарнæхæссæг æнцæ. Никки ба – нæ зæрдæ уобæл дæр дарæн, æма Гапбайфурт куд хумæтæг æма куд алæмæти искурдиадæгин адæймаг адтæй, уой тухxæй хабæрттæ кæдимайди ба бафæнзунæн бабæззиуонцæ нури хецаудзийнади ка ’й, уонæн дæр. Уотæ ку рауайа, уæд, баруагæс уи уæд, зингæ ахедгæдæр уодзæнæй сæ куст.

## ЗÆРДÆБÆЛДАРÆН

**ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр**

### ГОЦЕ

***(Гапбаты Сандры фырт Иваны номыл)***

*Дыгургомы, Уæлладжыры, Куырттаты*
*Кæмæн уыди Гоцейы хуызæн кад?*
*Цыфæнды стыр, цыфæнды уаз бынаты*
*Дæхи гуылы бын никуы ’ндзæрстай арт.*

*Кæстæртимæ – кæстæр, нæртон*
*куывды – нæ хистæр:*
*Дæ уды рухсæй хайджын уыд мæгуыр;*
*Æнæ рæвдыд дын никуы баззад сидзæр...*
*Ныр нал дæ немæ... Рухсы бадыс ныр...*

*Хъæбулы хæс Ирыстонæн фæфыстай.*
*Дæуау лæггад ын чи кодта æниу? –*
*Ирыстонæн дæллаг галæй фæкуыстай,*
*Фæдардтай йын хъæстарæгæн дæ риу.*

***15.03.1996***




**ГАПБАТИ Иванæн аци мемориалон фæйнæг æвæрд æй, Дзæуæгигъæуи Ватутини гъæунги ци 60-аг хæдзари цардæй, уой фарсбæл, уæдта Хъарман-Синдзигъæуи кæми цардæй, æ фиди еци хæдзари фарсбæл дæр. Мемориалон фæйнæг исаразта Ивани æмгъæуккаг, зундгонд скульптор ДЗБОЙТИ Михал.**



ГАПБАТИ Иван (бадуй астæуæй) Мæскуй цитгин æмбурди рæстæг – уæд адтæй ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутат.

**Зундгонд ахургонд æма æхсæнадон архайæг, экономикон наукити доктор, академик Цæголти Николайи фурт Геуæргий райгурдбæл 11 октябри исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1940-2019).**

***ГАПБАТИ Ивани цардвæндаги хабæрттæ бæлвурдæй ка зудта, етæ куд имисиуонцæ, уотемæй е скъолати директорæй косгæй, е скъоладзаутæ дæсæймаг кълас каст ку фæуууиуонцæ, уæд идарддæр царди нæдтæй кæцибæл рандæ уодзæнæнцæ, уобæл хъæбæр мæтæ кæнидæ. Скъолай дæсæймаг кълас каст ка фæуууидæ, уонæн дардта хецæн номхигъд, хецæн журнал æма си алке фæсте***



ХЪÆБÆЛОТИ Билар (галеуæрдигæй дуккаг) æма ГАПБАТИ Иван (рахесæрдигæй фиццаг) цитгин æмбурди президиуми.

# ЛÆГИГЪÆДГУН, ХУÆРЗÆГЪДАУ…



**МАХЪОТИ Хушин** (1927-2020), тугъди æма фæллойни ветеран

***Гапбати Ивани хузæн лæгтæ сæ рамæлæти фæсте дæр Иристонæн æ кадæ æма намус æнцæ, уони рохс нæмттæ исæносон кæнуни фæдбæл цидæриддæр конд цæуа, етæ гъæуама еугур дзиллитæн дæр зундгонд уонцæ, кæстæр фæлтæртæ син сæ арфиаг хъиамæтти хабæрттæ бæлвурдæй зононцæ, фæнзонцæ сæ æма рæстзæрдæй лæггадæ кæнонцæ нæ уарзон Иристонæн, нæ цитгин Фидибæстæн.***

Лæгигъæдгун æма хуæрзæгъдау, адæмæн хуæрзгæнæг æма дзиллити ’хсæн устур нимади лæг… Уæхæн адæймагæй зудтон æма гъуди кæнун æз Гапбати Александри фурт Ивани. Æ кой ин рагæй æригъосинæ, адæмæй ахид æригъосинæ æ арфиаг хабæртти туххæй, фал коммæ зонгæ ба æ хæццæ нæ адтæн, цалинмæ кусти гъуддæгути фæдбæл æ хæццæ нæ фембалдтæн, уæди уæнгæ. Мæ фиццаг фембæлд æ хæццæ адтæй евгъуд æноси 60-аг æнзти тæккæ райдайæни æма гъеуæд базонгæ дæн æ хæццæ.

Еци рæстæги æз кустон Кæсæг-Балхъари Лескени райони партий райкоми хайади сæргълæууæгæй. Уотæ раудæй, æма уæд советон композиторти Цæдеси правлени æ радон æмбурд аразта Кæсæг-Балхъари æма Цæгат Иристони – уæди рæстæгути уæхæн хуарзæгъдау адтæй, æма нæ бæсти исфæлдистадон Цæдестæ ахид исаразиуонцæ уæхæн æмбурдтæ национ республикити, хæстæгдæр уиуонцæ регионти исфæлдистадон косгутæмæ, хуæздæр цæстингас дардтонцæ, цæмæй бæсти еугур рауæнти, сауæнгæ сæ тæккæ кæройнæгти дæр исфæлдистадон куст цæуа тæккæ бæрзонддæр уæлтæмæнти, еугур аййевадон косгутæ дæр си æвзаронцæ центри ауодундзийнадæ æма разæнгарддæрæй архайуонцæ. Уомæ гæсгæ ба композиторти аци æмбурдтæн дæр сæ ахедундзийнадæ бæрзонд адтæй, хъæбæр æхцæуæнæй сæбæл исæмбалдæнцæ цæгаткавказаг республикити музыкалон архайгутæ. Фал мæ дзубанди уой фæдбæл нæй. Цæветтонгæ, Нальчикки ку фæййевгъудæй сæ фембæлд, уæд нæ иуазгутæ гъæуама рацудайуонцæ Цæгат Иристонмæ. Уæхæн хабæртти фæдбæл уæдиккон фæткæмæ гæсгæ фусунтæ иуазгути гъæуама рафæндараст кодтайуонцæ, дууæ республикей арæни уæнгæ сæ бахъæртун кодтайуонцæ. Уомæ гæсгæ ба партий Кæсæг-Балхъари обкомæй махмæ, райкоммæ æрбадзурдтонцæ æма нин бафæдзахстонцæ, цæмæй кадгин иуазгути дзæбæх исбоц кæнæн, уæдта сæ дууæ республикей æхсæни уæнгæ бахъæртун кæнæн.

Райкоми фиццаг секретарь, совхози директор æма æз, ци гъудæй амменæ зæгъунмæ, уони бацæттæ кодтан рагацау. Уæдмæ нæ иуазгутæ æма ма махонтæй сæ хæццæ ка адтæй, етæ еу-дæс лæгемæй фæззиндтæнцæ. Бæргæ нæ зæрди адтæй уони фæххинцун дзæбæх федауцæ бунати, фал етæ ескумæ баздæхун нæбал бакумдтонцæ æма син ци ракодтайанæ. Фал сæ уæддæр бустæги æнæргъудийæй куд ниууадзæн, зæгъгæ, Цæгат Иристони зæнхæмæ бахезæни устур надæй еу-дæс æма дууинсæй метри еуварсдæрмæ баздахтан æма уоми цъæх кæрдæгбæл нæ шофери хæццæ рафингæ кодтан.

Æрдзон уавæрти еци гъуддаг ке райарæзтан, е иуазгутæн сæ зæрдæмæ кæд хъæбæр фæццудæй, уæддæр ин æ медес ба, æвæдзи, æнхæст нæ лæдæрдтæнцæ, æма ахид рафæрсиуонцæ кезугай, уæддæр ами будури, уой дæр иннæ республикæмæ тæккæ бацæуæни цæмæ? Мах син балæдæрун кодтан:

– Уомæн æма нур ан дууæ æнсувæрон республикей æхсæн арæнти рази, ардигæй уæ рафæндараст кæндзинан нæ синхон Иристонмæ... Махæрдигон æгъдæуттæмæ гæсгæ мах, уæ нури фусунтæ, рафæндараст кæнæн уæ нæуæг фусунтæмæ, иристойнæгтæмæ…

Еци дзуапп фегъосгæй хинцфарст ракодтонцæ:

– Æма уæд Иристонæй ба нæ размæ цæмæннæ неке рацудæй?

Мæ кæсгон æмбæлттæ ходæзмолæ кæнгæй, сосæггай хинцфарст ракæниуонцæ: гъæйдæ кæми ’нцæ де ’мзæнхонтæ, æнгъæлдæн æма дæ фудевгед кæнунцæ.

Еуцæйбæрцæдæр мин гъулæггомау куд нæ адтайуонцæ се ’хсилкъитæ, кæд гиризæй рафæрсиуонцæ, уæддæр. Уой хæццæ ба мæ зæрдæмæ бустæги нæ фæццудæй нæ иуазæг композиторти исдзурд дæр, еуминкъий, æвæдзи, ихæсгин адтæнцæ сæхе ездондæрæй бавдесунмæ. Фал сæ барæ сæхе, зæгъгæ, син мæ меднимæр «ниххатир» кодтон. Мæхуæдæг ба куд нæ тухстайнæ, кæми ’нцæ ме ’мзæнхонтæ, куд некæцæй зиннунцæ, гæрр, иронх си фæцæй, иуазгутæ сæмæ ке цæунцæ æма уонæн æгасцæуай зæгъун ке гъæуй, е. Мæхе ба уæддæр сабуртæ кодтон, æвæдзи, ести æнай-æнойти хабар æрцудæй, æндæр уæхæн цийфæндийæй ракæсæ ауæхæн гъуддагмæ, уомæн уæн неци хузи ес, зæгъгæ.

Цидæр адтæй, уæддæр нæ бабадт цудæй рæсугъд, игъæлдзæгæй, берæ хуарз кувдтитæ си ракодтонцæ иуазгутæ дæр æма фусунтæ дæр. Хъæбæрдæр ба еугурей зæрдæмæ дæр фæццудæнцæ Цæгат Кавкази адæмти туххæй федауцæ æма медесгун зæгъдтитæ. Абони дæр ма мæ зæрдæбæл дарун зундгонд композитор Вано Мурадели ци дессаги гъудитæ загъта, уони:

– Адæймагæн ес сæр, къохтæ, къæхтæ, цæститæ, гъостæ. Етæ ’й сæ еугур дæр хъæбæр гъæунцæ. Уонæй сæ еу ку нæ уа, уæд адæймаг æй аййепгун, нæй æнхæст. Уотæ нæ берæнацион советон Фидибæстæ дæр. Еугур адæмихæттитæ дæр кæрæдземæн хъæбæр гъæугæ ’нцæ, уонæй рæсугъд æма федар æй нæ паддзахадæ, нæ цард.

Гъе уотæ хъæбæр хæлар уавæрти амменæ кодтан. Уæдмæ дин надбæл фæззиндтæнцæ Иристони ’рдигæй къуар рæуæг хуæдтолги. Рауидтонцæ нæ, æвæдзи, æма æрлæудтæнцæ бæрæг базонунмæ. Етæ разиндтæнцæ нæ «æгасцо» зæгъгутæ.

Цалинмæ нæ размæ хъæрттæнцæ, уæдмæ мæ кæсгон æмбæлттæмæ дзорун:

– Уæхуæдтæ уинетæ, нæ фæхходуйнаг дæн уæ рази. Иристони минæвæрттæ ами ’нцæ.

Гъеуæд, еци уавæрти базонгæ дæн Гапбати Ивани хæццæ, иристойнæгтæй иуазгутæбæл исæмбæлунмæ ци къуар рацудæй, уони хестæр е адтæй, косгæ ба уæд кодта Цæгат Иристони Сæйраг Совети Президиуми секретарæй.

Ме ’мзæнхонтæ ревæд къохтæй нæ рацудæнцæ иуазгутæн «æгасцо» зæгъунмæ – сæ хæццæ ци хунтæ раластонцæ, уони нæ нимайдзæнæн, гъуди дæр ма сæ кæцæй кæндзæнæн, фал мæ зæрдæбæл ба уой бадардтон, æма Ивани къохти æнай-æнойти фæззиндтæй дзæбодури хъæбæр устур сикъа æма, уобæл федар хуæцгæй, иуазгутæн балæдæрун кодта еци фæтки медес: хуæдтолгити ку исбадæн æма нæ идарддæри балций ку рараст уæн, уæд цæмæй дзæбæхæй, æнæ фидбилизæй исæмбæлæн Дзæуæгигъæубæл, уой туххæй, не ’гъдаумæ гæсгæ, алкедæр гъæуама аци сикъай идзаг æд бунтæ баниуаза Уасгергий туххæй ниуазæн... Уой загъдбæл еугурæй дæр исарази ’нцæ…

Кæд еци рауæн фембæлд берæ нæ рахаста, уæддæр еци цубур рæстæгмæ дæр, ка си адтæй, уонæн Иван сæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, кæрæдзей хуарз балæдæрдтæнцæ. Мæнæн дæр æхцæуæн куд нæ адтæй, еуемæй, ме ’мзæнхон уотæ лæгигъæдгун ке разиндтæй, е, уæдта уæхæн æцæг курухон лæги хæццæ хæстæгмæ ке базонгæ дæн, е.

Фæстæдæр нæ зонгæдзийнадæ никки фæббундорондæр æй, кусти фæдбæл мин æ хæццæ архайгæ дæр рауайидæ. Æма æ зонундзийнæдтæ, е ’гъдау, еугурей хæццæ дæр куд арæхстæй еу æвзаг иссерунмæ, æнæ кæнгæ миутæй, æ зæрдхæлардзийнадæ æма ма мæ æ берæ æндæр лæгигъæдтæ берæ æнзти дæргъи æфтудтонцæ деси. Уогæ нуриуæнгæ дæр ма сæ мæ зæрдæбæл даргæй, бæргæ бабæллун уомæ, æма нин абони дæр уæхæн разамонгутæ ку уидæ, уæд, æвæдзи, нæ цардиуаги нуртæкки гъæндзийнæдтæ берæ-берæ минкъийдæр уиуонцæ, берæ цæмæйдæрти нæмæ уавæр зингæ рæвдзæдæр уидæ.

Абони дæр ма адæм хумæтæги еци зæрдиагæй нæ имисунцæ Ивани. Æз дæр ма ракæндзæнæн еуцалдæр хабари. 1963-1964 æнзти, Дигори æма Ирæфи райончæ ма еугонд ку адтæнцæ, уæд уоми кустон, партий райкоми. Берæ адæми хæццæ куд не ’мбалдтæн, æма хестæрæй-кæстæрæй еугурæй дæр, Гапбати Ивани туххæй ку рацæуидæ дзубанди, уæд айдагъдæр æ хуарзи кой кодтонцæ. Райони сæргъи ку лæудтæй (е адтæй Устур Фидибæстон тугъд фæууни фæсте), уæд кæд домагæ разамонæг адтæй, уæддæр гъæр, зустдзурд некæд некæмæ искодта, арæхстæй



*дæр алли анз дæр, сæ царди ци æйййивддзийнæдтæ ærцæуидæ, уони финсидæ. Институтмæ ка бацудæй, колхози си ка косуй, æфсадмæ си ка рандæй, лæгмæ ка 'рцудæй, уосæ ка 'рхудта æма æндæртæ. Фал æ устурдæр мæтæ ба адтæй, æ ахурдзаутæ цæмæй институттæмæ цудайуонцæ идарддæр ахурмæ, е. Æ бон си кæмæн ци фæййагъаз кæнун адтæй, уонæн аллихузи агъаз кодта...*



адæми хæццæ архайун, уомæ гæсгæ ба ин æ дзурд адæм лæдæрдтæнцæ æма ибæл арази уиуонцæ, æма гъуддæгутæ цудæнцæ хуарз.

Æримисдзæнæн еу цау. Нæхе Лескени культури Хæдзарæ рæвдзæ кæнуни гъуддаг хъæбæр ниддæргъвæтийнæ 'й. Еци хабар республики разамунд дæр, æвæдзи, базудтайуонцæ, æма 1965 анзи кæронмæ хæстæг Гапбати Иван куд республики хецауади сæрдари хуæдæййевæг, уотæ сæрмагонд къамиси хæццæ 'рцудæй ардæмæ уавæртæмæ бæлвурддæрæй æркæсунмæ. Мæнæн æ хæццæ цæугæ рауадæй, уæд æз ба адтæн Ирæфи райæнхæсткоми сæрдари хуæдæййевæг. Æрзилдæй Иван къумти, лæмбунæг фæккастæй алцæмæ дæр, уæдмæ ба иснет кодта медæгæй пъолти угæмæ æркæсун. Уæд дин ин еу рауæн фæйнæг ку расæттидæ, æ къах си фæггурдæй бунмæ. Мах катаййи бафтудан, нуртæккæ нæ гъæри буни фæккæндзæнæй, зæгъгæ.

Сонт кæститæ кодтан кæрæдземæ... Иван ба, хуарз æма æ къахæн неци адтæй, æ хæлафи фадуги ругæ расæрфта, уæдта сабургай уотæ бакодта:

– Фæйнæг гъæдгин адтæй, пъолтниктæ 'й, æвæдзи, не 'рæстæфтæнцæ...

Клуб уæд игонгонд нæбал æрцудæй, фал Ивани фæрци уæддæр цубур рæстæгмæ пъолтæ раййивтонцæ, уæдмæ ба иннæ куститæ конд æрцудæнцæ.

Республикон æхсæнадæ «Зонунади» сæргълæууæгæй косун ку байдæдтон, уæд мæ багъæуидæ мæ дæлбарæ адæмæн айдагъ сæ кустадон хабæрттæ хуæздæр хузи райаразунбæл архайун нæ, фал ма уони цардиуаги уавæртæбæл батухсун – уæди рæстæгути разамонгутæн е дæр сæ комкоммæ ихæс адтæй. Уæд мæ еци фарстати фæдбæл ахид багъæуидæ республики разамундæй кæмæдæрти комкоммæ бацæуун дæр.

Гъуди ма 'й кæнун, евгъуд æноси æвдайæймаг æнзти бæрæгастæу мин цæугæ рауадæй республики хецауади сæрдар Басити Александри фурт Олегмæ. Равгæ мин фæцæй, æма ин радзурдтон, мæ шофери царди уавæртæ куд тухстаг æнцæ, уой:

– Æ фидæ фæммард æй Устур Фидибæстон тугъди знаги нихмæ карз тохи. Æртæ сувæллони райзадæнцæ мади евгед, фал е дæр 1942 анзи рацох æй цардæй. Седзæр сабийти сæхемæ райстонцæ хеуæнттæ. Мæ шофери гъомбæл кодта æ мади æнсувæр. Нур æхуæдæг иссæй бийнонтæ, берæ æнзти дæргъи косуй, фал ин нуриуæнгæ хе къум нæма ес. Æма е куд федауй?..

Еу рæстæг расагъæс кæнгæй, Басийфурт загъта:

– Ниффинсæ курдиадæ мæн номбæл. Арази дæн дæ хæццæ, аци фарстайæн ести мадзал аразун гъæуй…

Æз уайтæккæ бацæттæ кодтон гъæугæ гæгъæдитæ. Фал фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй нæ фарстамæ ку кастæнцæ президиуми æмбурди, уæд Гапбай-фурт æма ма еума кадæр сæ къохтæ не 'сдардтонцæ нæдæр нæ фарс, нæдæр – нихмæ. Уомæ гæсгæ ба мæ багъудæй уони хæццæ фембæлун. Ивани къæбинетмæ ку бацудтæн, уæд е фестадæй æ бунатæй, мæ размæ рацудæй е стъоли сæргъæй, æ хъури мæ ракодта æма загъта:

– Хъæбæр æхцæуæн мин æй, Басити Олег дин устур кадæ æма аргъ ке кæнуй, е. Уомæн дин æвдесæн айдагъ е дæр, æма президиуми иуонгтæй кадæртæ уæ искурдиади нихмæ ку рахуæстæнцæ, уæд Басий-фурт æ тумбул къохæй стъол дæр ма æрхуаста: «Æз Хушинæн дзурд равардтон æма аци фарста рæстмæ лухгæнгæ 'й!..»

– Æз мæхуæдæг дæр дæу фарс дæн, – идарддæр кодта æ дзубанди Иван, – фал мæ фæндадтæй еухатт ма дæхе фæууинун. Хецауади фонди ес дæс фатери, фал етæ 'нцæ, Уæрæсей иннæ рауæнтæй ци специалисттæ æрбахонæн нæхемæ косунмæ, уонæн. Нуриуæнгæ уæхæн цау нæма адтæй, æма еци фондæй нæхеуæнттæй кæмæндæр равардтонцæ, уæлдайдæр ба шоферæн. Фал ду ци гъуддаги фæдбæл корис, е ба æнæмæнгæ аразгæ 'й, ци адæймаги туххæй корис, уомæн фæййагъаз кæнун нæ ихæс æй, уомæ гæсгæ ба æз уодзæнæн дæ фарс...

Мæхе рази бадзурдта, гъуддаг кæци хайадæй аразгæ адтæй, уордæмæ æма син загъта æ фæндон: «Арази дæн, цæмæй æхсæнадæ «Зонунадæн» раттонцæ фатер…» Уотемæй мæ курдиадæ æнхæстгонд æрцудæй. Хъиамæтгун лæги бийнонтæ куд нæ цийнæ кодтайуонцæ, сæхе цæрæнбунат сæ ке фæцæй, уобæл.

Гапбати Иван адтæй, ку зæгъун, хуæрзæгъдау æма хуæдæфсармæ адæймаг. Царди алли гъуддаги дæр æхуæдæг бæрцæ зудта, цидæр уæлдайдзийнæдтæ имæ дзурдæй, арæзт син æрцудæй фембæлдтитæ æма æндæр аллихузон мадзæлттæ. Кедæрти хæццæ ба си сæ хъауритæ дæр равзурстонцæ.

Иуазгутæ хъæбæр боз адтæнцæ, еристæ куд рацудæнцæ, куд сæ исиуазæг кодтонцæ Иристони, уомæй. Сæ еу, Давид Бронштейн уотæ загъта:

– Цæргæ-цæрæнбæнтти мæ зæрдæбæл дардзæнæн уæ адæми иуазæгуарзондзийнадæ, уæ сахари дессагдзийнæдтæ фиууинун ба мин уæлдай æхцæуæн æй, уомæн æма кæддæр, растдæр зæгъгæй ба, æхсæрдæсанздзудæй исдæн уæ сахари чемпион. Уæдæй нуриуæнгæ Терки берæ дон райвулдæй, берæ цидæртæ æ хæццæ фæлласта, фал мæнæн ба мæ зæрди нерæнгæ дæр ма цардæгас æнцæ уæди фæдбæл имисуйнæгтæ, уомæ гæсгæ ба уæлдай цийнаг мин æй абони бабæй ами ун.

Уæхæн зæгъдтитæ иуазгутæй беретæ загътонцæ зæрдиуагæй.

Фал æнæ къæмæ дæр нæ рауадæнцæ еугур хабæрттæ. Цæветтонгæ, еци бæнтти



ГАПБАТИ Иван республики промышленнон кустуæттæй еуеми иуазгути хæццæ.

æгириддæр цæстиварди ке нæ адтæнцæ æма сæмæ ке некæд æма нецихузи хицæ кодта, уомæ гæсгæ ин, куд фæззæгъунцæ, æгириддæр нæ цудæнцæ, мæрддзæститæ, илгъадæ ин æвдистонцæ.

Мæнæ уин идарддæр ци хабар ракæнуйнаг дæн, е дæр еуцæйдæрбæрцæдæр уомæн æй æвдесæн.

Цæветтонгæ, 1978 анзи майи Дзæуæгигъæуи цудæнцæ шахмæттæй ССР Цæдеси Кубок рамолуни еристæ. Архайдтонцæ си нæ бæсти уæди игъустгонддæр шахматисттæ, се 'хсæн – æнæгъæнæ дуйней дæр нимади ка адтæй, уæхæнттæ дæр: Тигран Петросян, Нанæ Александрия, Къочити Александр… Сæйраг тæрхонгæнæг ба си адтæй еугурдуйнеуон гроссмейстер æма еугурдуйнеуон арбитр Сало Флор.

Хъæбæр дессаг спортивон бæрæгбон рауадæй аци турнир. Иристойнаг шахмæттæуарзгутæн ба заманай фадуат уæхæн номдзуд шахматистти дæснийадæ æма арæхстдзийнæдтæ сæхе цæститæй фæу-уинунæн. Æма еци фадуæттæй куд нæ фæппайда кодтайуонцæ сæ цæмæдесдзийнади «æдонуг» басæттунæн. Цубур мæмæ ку фæдздзоридæ Гапбати Иван – уæд е куста нæ республики Министрти Совети сæрдари хуæдæййевæгæй, æз ба адтæн республикон æхсæнадæ «Зонунади» разамонæг. Дзоргæ ба мæмæ цæй туххæй фæккодта, цæветтонгæ, еристи сæйраг тæрхонгæнæг Сало Флор исарази æй нæ иристойнаг шахматистти хæццæ шахмæттæй рагъазунбæл, мæнæ «сеанс одновременной игры» ке фæххонунцæ, еци хузи. Фал уой туххæй ба байагурдта… гонорар, фондзсæдæ соми. Уæди рæстæги е цæйбæрцитæбæл æхца адтæй, уой хестæртæ ма гъуди кæндзæнæнцæ, кæстæртæн ба уой зæгъун мæ бон æй, æма уæд æ хæццæ гъæуама ка гъазтайдæ, уонæй беретæн сæ кусти цалдæр мæйей улупа.

Нæ зонун, фал Флори еци «домæн» цума Ивани зæрдæмæ дæр нæ фæццудайдæ – æхуæдæг хъæбæр ездон æма хуæдæфсармæ адæймаг уогæй, æ цæсти хъæбæр æгадæ адтæнцæ мæрддзæститæ. Угæ уой туххæй æгириддæр неци загъта, фал æз ба уотæ гъуди кæнун, æма ин еци лæги уæхæн искурдиадæ æхцæуæнтæй нæ адтайдæ. Фал, æвæдзи, расагъæс кодта, гъома, иуазæг æй æма ин хатир фæууæд. Мæнмæ дæр уой туххæй фæдздзурдта, цæмæй ести хузти исамал кæнæн æма ин бафедæн æ «битир». Еунæг гæнæн адтæй – еци фембæлд цума мах æхсæнади фæрци арæзт æрцудæй, уотемæй бавдесун. Фал махмæ дæр уæхæн гонорартæн кæми адтæй фæрæзнитæ. Æма уæд æргъуди кодтан: еци фембæлдмæ билеттæ рауæйæ кæнун. Æнгъæл адтæн, кæд футболмæ адæм цалдæргай минтæ бацæуй, уæд ауæхæн гъуддагмæ ба уæддæр еу мин не 'рбацæуздзæнæй. Фал, куд фæззæгъунцæ, мæгури зæрдæ фунтæй хъал æй… Фæффудевгед дæн: æрæмбурд нæмæ 'й æдеугур… æртæсæдæ соми. Ци гæнæн ма адтæй, цидæр мадзæлтти ма исамал кодтан, ци нæ фагæ кодта, еци æхца…

Адæми 'хсæн кадгин адæймагæн æ цæуæт дæр арфиаг гъуддæгути ку фескъуæлхунцæ, уæд уой фæдбæл ахид æримисæн нæ рагфидтæлти уæхæн зундгин загъд, гъома, фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй. Гапбати Ивани дæр æ берæ лæгигъæдти хæццæ ма 'й нæ Исфæлдесæг фæххайгин кодта уæхæн амондæй, æма æ зæнæг дæр æхе хузæн ездон æма æгъдаугин разиндтæнцæ, адæми 'хсæн син ес кадæ. Уой фæдбæл ракæндзæнæн мæнæ ауæхæн хабар. Нальчикки скъолатæй еуеми директорæй куста мæ хуарз кæсгон лимæн. Уоми угæй имæ ахид бауайинæ, фæххабæрттæ кæнианæ. Еу хатт бабæй имæ фездахтæн рауинунмæ. Дзубанди кæнгæй мин уотæ ку зæгъидæ, ами, дан, нæмæ ахургæнæгæй де 'мзæнхон косуй. Уотæ куд загъта, уотемæй дин æ къæбинетмæ еу силгоймаг ку æрбахезидæ, ме 'рдхуард нæ базонгæ кодта. Силгоймагæн æ кæсгон муггагмæ мæ гъос неци уоййасæбæл æрдардтон, фал æ фиди номмæ ба мæ зæрдæ куддæр фæкъкъæпп кодта. Фæддузæрдуг дæн æма си хатир ракоргæй рафарстон æй:

– Дæ бакаст æма фиди номмæ гæсгæ ду Гапбати Ивани кизгæ ма уай?

Аразий тилд ку бакодта æ сæр, уæд æй мæ хъури никкодтон. Берæ хабæрттæ ракæнунæн нин фадуат нæ фæцæй – силгоймаги урокмæ цæун гъудæй, æма директормæ ци фарстай фæдбæл æрбацудæй, уобæл ку радзубанди кодтонцæ, уæд рандæ 'й æ гъуддæгути фæдбæл.

– Куд уинун, уотемæй рагæй зонгæ айтæ? – уой рандæ уни фæсте мæ десгæнгæй рафарста мæ зонгæ.

– Нæ, фиццаг хатт æй уинун… Фал æ фидæмæ хъæбæр æнгæс даруй, æма уой ба хуарз зонун хæстæгмæ. Уомæ гæсгæ 'й рафарстон, ке кизгæ дæ, зæгъгæ. Æ фидæ æй зундгонд лæг Иристони, косуй хецауади сæрдари хуæдæййевæгæй.

Куд рабæрæг æй директори дзубандийæй, уотемæй скъолай неке зудта се 'мкосæгæн æ фиди хабар, уой бæрцæбæл ездон силгоймаг адтæй. Æндæр уой бунати æ реу хуастайдæ, æ сæр нихъхъел кодтайдæ...

Æнзтæ цæунцæ, хестæр фæлтæртæ кезугай евгъуйунцæ се 'носон бунатмæ. Уоми æй нæ курухон лæг, мæ хестæр лимæн Иван дæр, фал æ ном иронх нæй. Ватутини гъæунги ци хæдзари цардæй аци номдзуд лæг, уой фарсбæл æвæрд ес мемориалон номерæн фæйнæг.

Гапбати Ивани хузæн лæгтæ сæ рамæлæти фæсте дæр Иристонæн æ кадæ æма намус æнцæ, уони рохс нæмттæ исæносон кæнуни фæдбæл цидæриддæр конд цæуа, етæ гъæуама еугур дзиллитæн дæр зундгонд уонцæ, кæстæр фæлтæртæ син сæ арфиаг хъиамæтти хабæрттæ бæлвурдæй зононцæ, фæнзонцæ сæ æма рæстзæрдæй лæггадæ кæнонцæ нæ уарзон Иристонæн, нæ цитгин Фидибæстæн.

***Кæддæр, дан, райони еу æмбурди Гапбати Ивани нихмæ аллихузон имисгæ цъумур дзубандитæ фæккодтонцæ еу-дууæ лæги, фал син е сæ цъифкалæнти фæдбæл æ дзубандий æгириддæр неци загъта. Æма си еу еци тингунæй***



ГАПБАТИ Иван нæ республики номдзуд кафгути хæццæ.

# НЕКЕ ÆМА СИ НЕЦИ ИРОНХ КОДТА!..



**МÆРЗОЙТИ Сергей** (1927-2009),
публицист, æхсæнадон архайæг

***Æ рæстæги Хрущеви амундмæ гæсгæ хуæнхбæсти цæрæг адæми бари-æнæбари дæр будуйраг гъæутæмæ ку ледзун кодтонцæ, уæд е берети зæрдæмæ нæ цудæй: «Ралæудзæнæй уæхæн рæстæг, æма син лигъстæ кæндзинайтæ, фæстæмæ хуæнхбæстæмæ баледзетæ, зæгъгæ. Хуæнхти ес берæ хæзнатæ, игуæрдæнтæ, сæрдигон фонсхезнитæ, рæсог дæнттæ æма ирд сауæртæ, уони дзæгъæл ниууадзун рæдуд уодзæнæй...»***

Гапбати Иван адтæй æцæг разамонæг, адæмæн берæ хуарздзийнæдти бацудæй. Æз æй мæ сабийбонти бафæсмардтон, сæ фидтæлтæ адтæнцæ нæ хуæрифурттæ. Æма мæн кенæ не ’рвадтæлтæй еске ку фæууинидæ, уæд уотæ зæгъидæ:

– О, ме ’стур мади ’рвадтæлтæ, куд айтæ?

Æма Ивани имисгæй мæ фæндуй еу къуар хабарей кой ракæнун.

1940 анзи нин Дигоргоми Фæснæли астæуккаг скъолай адтæй ахуради хайади хецау (завуч), уæдта ма ахургæнæг уруссаг æвзаг æма литературæбæл. Ахургæнгути коллективи, скъоладзаутæ æма ниййергути æхсæн ин адтæй устур кадæ. Мæ фиди цæсти ба ахургæнæгæй уæлдæр неке адтæй, изæдтæ æма идаугути хæццæ сæ æмбарæнæй барста.

Еу сæумæ мин бафæдзахста, абони Ивани фæууинæ æма ин зæгъæ, изæри де ’мбæлтти хæццæ махмæ куд уай, зæгъгæ.

Мæ фидæ син косарт ракодта, æрбахудта синхи хестæрти дæр. Етæ син хъæбæр зæрдиаг арфитæ фæккодтонцæ, нæ фæсевæди нин рохс надбæл аразетæ, неци син æвгъау кæнетæ, зæгъгæ.

Иван æ сæйраг кустæй кæд хъæбæр æнæйевдæлон адтæй, уæддæр устур æргом æма берæ рæстæг æздахта скъоладзаути хæццæ фæсуроктæ æма фæсахурти рæстæги гъомбæладон кустмæ. Разамунд лæвардта литературон æма драмон къуæрттæн. Абони дæр ма мæ цæститæбæл уайуй, уруссаг æвзагбæл пьесæмæ гæсгæ ци спектакль бацæттæ кодта, е. Æхуæдæг си гъазта сæйраг роли.

Махмæ, кæстæр скъоладзаутæмæ, хъæбæр дессаг кастæй, спектакли архайæг скъоладзаутæ, æнæ киунугæмæ кæсгæй, куд хуарз дзурдтонцæ æма æнхæст кодтонцæ сæ рольтæ.

Гъуди кæнун, Иван 1945-аг хъæбæр тухст анзи, Мæхчески райони партий райкоми фиццаг секретарæй косгæй, ци устур организаторон куст кодта, уой. Фæстугъдон æнзти адæм дæр æма колхозтæ дæр исмæгур æнцæ. Нæ фагæ кодтонцæ косæнкъохтæ, галтæ, бæхтæ, мадта машинттæ æма тракортæн ба сæ кой дæр нæ адтæй. Фал уæддæр уалдзигон-будуйрон куститæ хуарз рацудæнцæ.

Фæстагмæ Иван куста Цæгат Иристони Министрти Совети сæрдари хуæдæййевæгæй. Еци рæстæг куст цудæй Дигоргоми гъæутæ Стур Дигорæ, Дзинагъа, Æхсæуæ æма æндæр рауæнтæмæ электрон рохс бауадзунбæл.Куститæ цудæнцæ устур къулумпитæй. Уæд еци гъуддаг æхемæ райста Гапбати Иван. Уæхæн къуæре нæ адтæй, æма коми не ’рбалæуудтæй, фулдæр хæттити ба – сауæнгæ æ уолæфæн бæнтти дæр ма – Иван æхе гъуддаг некæд уæлдæр кодта.

Зæгъун æнгъезуй, электрон рохс уадзуни куститæ цубур рæстæгмæ æ фæрци фæррасст æнцæ. Фал етæ кæронмæ ку фæххæстæг æнцæ, уæд Иван, гъулæггагæн, уæззау незæй фæссæйгæ ’й, бахаудтæй сæйгæдонæмæ. Æз æй бабæрæг кодтон, дохтиртæ имæ неке уагътонцæ медæмæ, фал бункkаг уæладзуги адтæй, хустæй къæразги хуæдрази. Уордигæй мæмæ ракастæй æма æ фиццаг фарст:

– Стур Дигорæмæ электрон росх исхъæрттæй?

– Исхъæрттæй, – загътон ин æз.

– Дæ цæрæнбон берæ, ме ’стур мади ’рвадæ, – зæгъгæ, мин райарфæ кодта.

Еума цау. Еу бон рагигомау, æхуæдæг хуæдтолги рульбæл, уотемæй Иван фæззиндтæй Ирæфи райæнхæсткоммæ. Æз дæр уæд уоми кустон, æ хæццæ мæ райста æма бамедæг ан Мæхчески. Колхозонтæ гъæуи астæу рæзæдзæхæрадони тумугъæй æлвидтонцæ Калинини номбæл колхози фусти дзогæ.

Ивани ку рауидтонцæ, уæд еугурæй дæр сæ куст фæуувагътонцæ, е син кæрæй-кæронмæ сæ къохтæ райста, сæ царди хабæрттæй си бафарста алкедæр. Уæдта æхе фæффест кодта, æ дустæ бахадта, кедæр къохæй æрбаскъафта фусæлвинæн кæрдæн æма бавналдта сæ хæццæ ерисæй æлвинунмæ.

Рæфтон уолæфти рæстæги сæ хæццæ фæдздзубанди кодта берæ фарстатæбæл, лæмбунæг сæ фæффарста сæ царди æма фæллойни уавæртæй.

– Неци нин æй, нæ еугур дæр ан къæбæр хуæрунгъон, мæгур нæ ан, фал нæ нæдтæ, не скъолатæ, сæйгæдонæ, культури артдзæститæ ба ’нцæ фæккæсуйнаг, – загътонцæ етæ.

– Мадта мæнæн дæр ме ’рбацуди сæр хъæбæрдæр еци фарстати фæдбæл æй, рæхги сæмæ гъæуама хецауади æмбурди æркæсæн,– балæдæрун син кодта Иван.

Еума хатт мин рауадæй уæхæн фембæлд Ивани хæццæ æхсайæймаг æнзти. Мæскуйæй нæ республикæмæ командировки иссудæй партий ЦК-и бæрнон косæг Барминков. Уой бафæндадтæй Дигоргоммæ рабалци кæнун. Республики хецауадæй æ хæццæ адтæй Гапбати Иван. Мæн дæр – партий Ирæфи райкомæй – райстонцæ сæ хæццæ.

Берæ фарстати фæдбæл адтæй Барминковæн е ’рбацуд. Мæцути бацудан скъола-интернатмæ. Дæргъвæтийнæ рауадæй ахургæнгути коллективи хæццæ æ дзубанди. Хъæбæр син райарфæ кодта, хуæнхаг уавæрти, сæ зиндзийнæдтæ нецæмæ даргæй, уотæ зæрдиуагæй ке архайунцæ æригон фæлтæр ахур æма гъомбæл кæнунбæл.

Дессаг ба имæ е фæккастæй, æма ахургæнгутæн сæ фулдæр нæлгоймæгтæ ке адтæнцæ, е. Загъта, е мин хъæбæр æхцæуæн æй, зæгъгæ. Уæрæсей, дан, берæ скъолати нæ фæууиндзæнæ еунæг нæлгоймаг ахургæнæг дæр.

Иван ин æ берæ фарстатæн лæвардта арф æма бæлвурд дзуæппитæ, зонгæ ’й кодта Дигоргоми истори, æ адæми æгъдæуттæ æма традицити хæццæ. Иуазæг гъæути лæмбунæг игъуста адæммæ, дзуапп син лæвардта сæ цæмæдесаг фарстатæн, бацæуидæ син сæ хæдзæрттæмæ дæр. Æ зæрдæмæ фæццудæнцæ се ’гъдау, сæ иуазæгуарзондзийнадæ.

Еци рæстæги, Хрущеви амундмæ гæсгæ, бари-æнæбари дæр хуæнхбæсти цæрæг адæми бариæнæбаридæр ке ледзун кодтонцæ будуйраг гъæутæмæ, е берети зæрдæмæ нæ цудæй. Фæстæмæ раздæхгæй, надбæл нин иуазæг дæр загъта:

– Дзæгъæли ледзун кæнетæ хуæнхаг адæми сæ уарзон бунæттæй, æрцæуудзæнæй уæхæн рæстæг æма син лигъстæ кæндзинайтæ, фæстæмæ хуæнхбæстæмæ баледзетæ, зæгъгæ. Хуæнхти ес берæ хæзнатæ, игуæрдæнтæ, сæрдигон фонсхезнитæ, рæсог дæнттæ æма ирд сауæртæ, уони дзæгъæл ниууадзун рæдуд уодзæнæй...

Æма ма еу имисуйнаг Ивани туххæй. Адтæй, æвæдзи, 1944 кенæ 1945 анзи. Иван куста Мæхчески райкоми фиццаг секретарæй. Уалдзæг рахаста уарунгун, хуæнхтæй бунмæ лæбурдтонцæ дор, зменсæ æма сикъити зæйтæ, нæдтæбæл берæ рауæнти нæбал адтæй рацæуæн. Комидумæг æма Кæлухадаги фæхстæ ’рлæстæнцæ, над бустæгидæр æрæхгæдтонцæ.

Уæд райком æма райæнхæстком фæдздзурдтонцæ адæммæ æма етæ хъæбæр беремæй рацудæнцæ над кæдзос кæнунмæ. Кустонцæ айдагъдæр иуæнгти хъаурæй, белтæ æма къахæнтæй.

Кустæн разамунд лæвардта Иван æхуæдæг. Рауæнæй-рауæнти багъудæй рамодзæн æрмæгæй испайда кæнун дæр. Æма еци гъуддаг дæр æхемæ райста Иван-динамит æма æндæр ихалæн æрмæгути хæццæ æхуæдæг архайдта... Дууæ бонемæ надбæл æдзæстхезæй цæун райдæдтонцæ галуæрдунтæ æма бæхуæрдунтæ, машинттæ дæр.

Гъуди ма ’й кæнун, еу исрæмугъди зæнхи буни хъæбæр арфæй исхаудтæй устур тумбул дор. Уомæн æ уæле байзадæй недзамантæй циуавæрдæр цæрæгойи фæлгонц. Уой фæсте æй Иван фæлласта Дзæуæгигъæуи бæстæзонæн музеймæ.

Уæхæн адтæй æ уодигъæдæ Гапбати Иванæн. Неке æма си неци иронх кодта.



ГАПБАТИ Иван (галеуæрдигæй фиццаг) республики бæрæгбони мадзæлттæй еуеми.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, зундгонд финсæг, тæлмацгæнæг, литературон æртасæг Басити Афанасийи фурт Михали райгурдбæл 15 октябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1920-2013).**

***сærдареуæггæнæги бафарста: «Нæ критикон радзубандитæбæл нин Гапбай-фурт дзуапп цæмæннæ равардта?..» Сærдареуæггæнæг син сабурæй, фал карзæй загъта: «Уой туххæй æма цæргæс биндзитæ нæ ахæссуй!..»***





ГАПБАТИ Ивани гагидауæ адæмти хæлардзийнади туххæй. Нæ номдзуд поэттæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ) ПЛИТИ Грис æма ХЪАЙТУХЪТИ Георги хæццæ Иван арфæ кæнуй иуазгутæн – нæ синхаг республикити финсгутæн.

# ХÆЛАРДЗИЙНАДИ БАЛЦИЙ

***Мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уой кой ракодта зундгонд журналист æма финсæг Цгъойти Хазби. Дзоргæ ба æй дессагæн ракодта. Цæветтонгæ, 1972 анзи Цæгат Иристонæй бабæй Болгарий Кырджалий округи адтæй устур делегаци – уæд еци округ æма нæ республики æхсæн адтæй æнсувæрон рахастдзийнæдтæ æма кæрæдземæ ахид цудæнцæ иуазæгуати. Еци анзи балцийæй нæ делегаци ку æрбаздахтæй, уæд гъæуама газетти мухургонд æрцудайуонцæ æ разамонгути уацтæ. Еци разамонгутæй еу адтæй Гапбати Иван, æма æ уац гъæуама рацудайдæ «Рæстдзинад»-и. Æ бацæттæ кæнун ба бабарæ кодтонцæ Цгъойти Хазбийæн, уæд е куста аци газети культури хайади.***

***– Æз æнгъæл адтæн, – имисуй Хазби, – æма иннæ устур хецæуттæй кадæртæ куд кæниуонцæ, уотæ нин ески финст финстæг, уой дæр уруссагау, æрбарветдзæнæй... Æма хъæбæр деси бафтудтæн Гапбай-фурт нæбæл æхе финст, – уой дæр иронау! – ку исæмбæлун кодта!..***

***Еци хабар фæнзуйнаг æй нури «бæрзæндти бадæг» лæгтæн. Етæ сæхуæдтæ нæ, фал ма сæ пресс-службити берæ косгутæй, се ’хсæн ирæнттæ æма дигорæнттæ дæр, нæ маддæлон æвзагбæл финсунмæ нæ арæхсунцæ.***

***Гапбати Ивани финст уац ба абони мухур кæнæн, æ рæстæги «Рæстдзинад»-и кутемæй рацудæй, уотемæй.***

Рацудæй дæс анзи, Болгарий Адæмон Республики Кырджалий зилди фæллойнæгæнгути хæццæ, Цæгат Иристон хæлардзийнадæ ку исфедар кодта, уæдæй. Кæд дæс анзи берæ рæстæг нæй, уæддæр дзæвгарæ æйййивддзийнæдтæ æрцудæй куд мах республики, уотæ нæ лимæн Кырджалий зилди экономикæ æма социалон-культурон царди дæр. Етæ уотæ зингæ ’нцæ æма сæбæл хатгай лæг, еске дзубандитæмæ игъосгæй, æууæндгæ нæ, фал сæрустур фæуүй, дзиллæн сæ социалистон ериси кусти сæ къохи ци æнтæстдзийнæдтæ æфтуйуй, уонæй.

Хæлардзийнади дæс анзей бæрæгбони фæдбæл мах еу къуаремæй республики аййевади зингæ косгути хæццæ, уæдта металлургти Галауани кафгути къуар «Джигит»-и хæццæ майи фæстаг къуæрей адтан Кырджалий.

Тæхæн Болгарий уæлдæфи, зæгъгæ, стюардессæ ку загъта, уæд алкедæр æхе бахадта къæразгæ ’рдæмæ æма цæмæдесæй кастæй бæсти агъазиау будуртæмæ. Нæ хуæдразмæ рацудæй тухгин уарун, æма уæлдай рæсугъддæр æрттивдтитæ калдтонцæ цъæх-цъæхид зад хумтæ.

Мæнæ София – зæронд æма нæуæг сахар, райдзаст квартæлтæ æма нæдтæ, заводти бæрзонд трубатæ, хуæдтолгитæ дууердæмæ кæнунцæ. Аэродроми нæ делегаций размæ рацудæнцæ Кырджалий партий окружкоми секретарь Салиф Илязов, Адæмон Совети æнхæстгæнæг комитети сæрдари хуæдæййевæг Делчо Янев, Совети секретарь Шюкрю Тахиров æма иннæ æмбæлттæ. Уарзон хъуритæ, деденгутæ, уæдта иуазгути æрдзæф æнæгурусхæй æууæндун кодтонцæ, цума Болгарий нæ, фал нæхе зæнхæбæл æрбадтан.

Софийи райдзаст æма кæдзос гъæунгтæ, транспаранттæ æма аййевгонд устур портреттæ бæрæг кодтонцæ, Болгарий Адæмон Республики зæрдиагæй ке цæттæ кæнунцæ Георгий Димитрови райгурдбæл 90 анзи исæнхæсти устур бæрæгбонмæ. Фæстæдæр куд фæууидтан, уотемæй еугур зилдтити, сахарти æма гъæути дæр Болгарий уарзон фурти райгурдмæ цæттæ кæнунцæ зæрдиагæй, куд еугурадæмон бæрæгбонмæ.

Дуккаг бон не ’мбæлттæмæ цæугæй, нæ над адтæй Пловдивбæл –бæсти дуккаг сахарбæл,– болгайрæгтæ ’й сæхуæдтæ уотæ хонунцæ. Надбæл цæугæй, зæрдæ ирадæй денгизи уолæнти хузæн феллаугæ мæнæутæмæ, лæмбунæг æма хуæрзкуст сæнæфсери будуртæмæ, фæллойнæуарзагæ адæми къохтæй гъудгонд зæнхитæмæ кæсгæй.

Пловдив. Нæ фусунтæ нæбæл фиццагидæр фæцциййнæ кодтонцæ сахари астæу бæрзонд рауæни, дессаги рæсугъд æма устур советон салдати циртдзæвæн «Алешæ»-йи рази. Аци агъазиау циртдзæвæнæй айдагъ автор нæ, фал еугур Болгарий адæм дæр æностæмæ ниффедар кодтонцæ сæ арфæ Советон Æфсадæн, фашизми уацарæй сæ ке исуæгъдæ кодта, уоу туххæй. Циртдзæвæнбæл деденгутæ ку исæвардтан, уæддæр ма дзæвгарæ рæстæг мах нæ къах нæ хаста аци кадгин рауæнæй, уæлдайдæр ба нæ кæстæрти – ансамбль «Джигит»-и кафгути. Сæрустур адтан советон бæгъатæрæй, æ цард Болгарий сæребарæдзийнадæбæл ка равардта, уæдта уонæн нуртæккæ алли болгайраг сахари дæр ци кадæ кæнунцæ, уомæй...

Адæми цæстингас базонунмæ мæ нæ идардмæ цæун нæ багъудæй. Не ’ссудмæ циртдзæвæни рази ци адæм адтæй, уонæй еу каргун силгоймаги размæ бацудтæн. Пловдиваг нæ разиндтæй, фал ин ку балæдæрун кодтон мæ фарста, ци тухæ ’й исхаста аци бæрзондмæ, зæгъгæ, уæд загъта айдагъ еунæг дзурд: «Алешæ»... Фал æй кутемæй загъта, уой айдагъдæр фæууинун гъудæй – дзубандийæй ин зæгъæн нæййес, æ цæститæ фиццаг æрттевгæ кодтонцæ, уæдта сæ дони разилдта.

Уой фæсте еу æма дууæ хатти нæ фегъустан зар «Алешæ». Зардтонцæ ’й фæсевæд, сувæллæнттæ æма хестæртæ дæр.. Аллирауæн дæр фегъосдзæнæ советон зартæ. Бонæй-бонмæ фулдæр кæнуй сæ интернационалон тухæ.

Болгарий адæм хъæбæр берæ уарзунцæ советон адæми, Коммунистон парти. Уой ма еу хатт дæр фæууидтан, Кырджалий зилди кæройнаг гъæумæ ку бахъæрттан, уæд. Зæрондæй, сувæллонæй нæ размæ рацудæнцæ се ’мбесбони уолæфти... Цæнхæ æма кæрдзин – зæронд славянаг æгъдау. «Вечная дружба»!, «КПСС – БКП», «Добре дошли, осетински братя!» – еци лозунгтæ нæ хæццæ цудæнцæ алли гъæуи дæр, сауæнгæ Кырджалимæ, кæд нин сæ еугуреми æрлæууни фадуат нæ адтæй, уæддæр.

Нæ фусунти гъæууон хæдзаради кустити фулдæр бунат ахæссуй тамаку. Еци културæ куд зингуст æй, уой беретæ зонунцæ. Фал аци надбæл мах ци патриотон æма фæллойни змæлд фæууидтан, еугур дзилли ’хсæн дæр, уомæн бæрцæ иссерæн нæййес. Æ къахбæл цæунгъон ка ’й, етæ еугурæй дæр тамакуй кусти ’нцæ. Æма си кæд зиндзийнæдтæ берæ ес (нæ фагæ кæнуй дон, хумæ ма кæнунцæ нуриуæнгæ дæр дзубурæй), уæддæр нæ даргъ надбæл еу зæнхи гæбазæ дæр нæ фæууидтан æнæ лæмбунæг кустæй. Уæлдай хъæбæрдæр ба нæ зæрдæмæ фæццудæй, æрæги дæр ма гæвзукк хуæнхтæ ка адтæй, етæ тала гъæдæй цъæх-цъæхид ке радардтонцæ, е.

Кырджалий нæ делегаций хæццæ фембæлунмæ æрæмбурд æй æхсæз мин адæймагемæй фулдæр партий зилди комитети фиццаг секретарь æмбал Георгий Петров лæмбунæг æрдзубанди кодта, дæс анзей дæргъи Цæгат Иристони æма Кырджалий фæллойнæгæнгути ’хсæн нæ хæлардзийнади фæрци ци æнтæстдзийнæдтæ ’рцудæй, уони туххæй. Зæрдиаг арфитæ ракодта Иристони цæргутæн, æма иуазгутæн фæдздзурдта, цæмæй никки æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнонцæ СЦКП-ий XXVI æма БКП-ий X съезди унаффитæ. Æмбал Петрови радзубандий фæдбæл митинги архайгутæ цалдæр хатти исаразтонцæ устур къохæрдзæф. Иристони делегаций номæй арфи дзубандитæ ракодта партий Цæгат Иристони обкоми секретарь Кучити Агубе. Уой фæсте Кырджалий хехъæппæресадон къуæрттæ æма ансамбль «Джигит» равдистонцæ митинги архайгутæн еумæйаг хæлардзийнади устур концерт. Фусунтæ хъæбæр арфиаг адтæнцæ сæ иуазгути аййевадон дæсниадæй.

Айдагъ Кырджалий нæ, фал иннæ сахарти, гъæути, заводти, скъолати делегацити иуонгтæ, лæмбунæг дзубанди кодтонцæ фæллойнæгæнгути хæццæ, фарæстæймаг фондзанзони Иристони къохи ци æнтæстдзийнæдтæ æфтуйуй, уони туххæй. Нæ фусунтæ дæр нимадтонцæ, сæ къохи ци бафтудæй, нæуæг фондзанзони пълæнттæ куд æнхæст кæнунцæ, уони.

Аййевади косгутæй делегаций хæццæ ка адтæй, етæ уайтæккидæр се ’мгустгæнгути хæццæ лæмбунæг фæдздзубанди кодтонцæ исфæлдистади фарстатæбæл. Аци фембæлдæй хъæбæр арази адтæнцæ иуазгутæ дæр æма фусунтæ дæр. Ирон театри артистти фембæлдтитæ , ке зæгъун æй гъæуй, фулдæр адтæнцæ културы Галауанти æма клубти.

Икъати Маирбег спектакль «Фæстаг цæф»-и Димитрови роли гъазгæй, дзурдта иронау, фал имæ ка игъуста, етæ ’й уотæ дзæбæх лæдæрдтæнцæ æма адæми æрдзæфæй культури Галауани фæрстæ ’змалдæнцæ.

Кæмидæриддæр адтан, Кырджали, Момчилград, Крумовград, Ардиво, Ивайловград, Джебел æма иннæ рауæнти нæ фусунтæ хъæбæр зæрдиагæй кастæнцæ æма игъустонцæ Иристони профессионалон æма хехъæппæресадон аййевадæмæ, кодтонцæ ин устур аргъ. Фулдæр хæттити ба концерттæ раздахиуонцæ аййевадон демонстрацимæ, ирон, болгайраг, уруссаг зартæ, кæфтитæй æма дзубандийæй. Еу дзурдæй, нæ аййевади æма литератури бæнттæ Кырджалий зилди исфедардæр кодтонцæ не ’нæбасæтгæ хæлардзийнадæ Болгарий адæми хæццæ. Нæ адæмтæн еци историй рагæй ес бунат, еу æма дууæ хатти сæхе бæгъатæрæй нæ равдистонцæ уруссаг æма ирон адæм Болгарий сæребарæбæл уæззау тугъдтити.

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ никки федардæр кæнунцæ еци хæлардзийнадæ æма бастдзийнадæ. Æма æнæ уотæ уæн нæййес. Уомæн æма нæ тох еумæйаг æй – социализм æма коммунизми арæзтадæбæл.

Кырджалий сахари ес Хетæгкати Къостай номбæл гъæунгæ, уæдта нин куд загътонцæ, уотемæй нæуæг анзи исараздзæнæнцæ фæзæ дæр. «6 майи митинги байгон кодтонцæ Къостай бюст-циртдзæвæн культури Галауан æма зилди адæмон Совети рази. Сахари гъæунгтæн сæ рæсугъддæртæй еу хæссуй Орджоникидзей ном.. Сахар Момчилгради исаразтонцæ нæуæг фусунуат æма ресторан «Иристон», зæгъгæ. Заводтæ æма промышленнон æндæр кустуæттæ, скъолатæ æма культури организацитæ бастдзийнадæ дарунцæ Иристонæй берæ коллективти хæццæ, есунцæ мах газеттæ, журналтæ, киунугутæ. Гурусхаг нæй, идарддæр дæр нæ хæлардзийнадæ никки тухгиндæр ке кæндзæнæй, е.

Аййевадæ æма литератури къуæрей Кырджалий зилди фиццаг хатт адтан. Аци анз сентябри Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæ фæууиндзæнæнцæ нæ хуарз æмбæлтти аййевадæ æма литератури æнтæститæ дæр. Мах ци фæууидтан, уомæй федарæй нæ бон æй зæгъун, уæ зæрдæмæ ке фæццæудзæнæнцæ. Абони ба бал нæ уарзон болгайраг хæлæрттæн нæ зæрдæ зæгъуй æнæнездзийнадæ æма нæуæг æнтæститæ социалистон цардарæзти сæрбæлтау.

***ГАПБАТИ Иван,***
***Цæгат Иристони АССР-и Министрти***
***Совети сæрдари хуæдæййевæг***

**Зундгонд финсæг, публицист æма тæлмацгæнæг Тлатти Данели фурт Елмæрзай (Михаили) райгурдбæл 17 октябри æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1880-1933).**

☺ *Культурных из себя корчат, а ведь никто из них Шопена не читал.*

☺ *Хотела отказать, но не просили.*

☺ *Что ты канючишь про измены? А ведь сколько раз я верен был?!*

☺ *Мужчины правят этим миром – правда, под управлением жен своих.*

☺ *Построй сначала пирамиду!.. Потом ори, что ты фараон...*

ФИДБИЛИЗÆЙ ДÆХЕ РАГАЦАУ ГЪÆУАЙ КÆНÆ ÆМА СИ УÆД ÆДАС УОДЗÆНÆ!..

# ХЪИЛМАЙÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНÆН НÆ КÆСТÆРТИ

Республики еугур ахургæнæндæнтти райдæдта ахурдзаутæ æма студентти ’хсæн информацион-лæдæрунгæнæн куст наркомани ма ’руадзуни фæдбæл. Наркологон диспансер æма Ахурадæ æма науки министради еумæйаг архайди нисан æй, наркомани ци зиан хæссуй, уой фæдбæл фæсевæди хæццæ дзубанди кæнун.




Дзæуæгигъæуи базарадон центртæй еуеми, мæ къохтæ рахснон, зæгъгæ, бунатмæ куд бахизтæн, уотæ мæ размæ фестадæй дууæ æригон, хуæрзаййев арæзт кизги. Бадтæнцæ дзоццæги, сæ сæртæ бунмæ ’руагътонцæ, цæститæ фæлми, уотемæй æнæдзоргæй пъолмæ нимдзаст æнцæ. Кæд сæ агъаз гъæуй, зæгъгæ, равзурстон сæ хæццæ радзубанди кæнун. Кæсгæ дæр мæмæ нæ ракодтонцæ. Æнахур мæмæ фæккастæнцæ æма, кæд ести знаггадæ ракæнуйнаг æнцæ æнгъæлæй, фиццагидæр ци нæлгоймагбæл рамбалдтæн, уомæн балæдæрун кодтон. Е бахудтæй, неци тæссаг æнцæ, зæгъгæ, мæмæ дзоруй. Фæстæдæр мин зонгæ лæхъуæн куд загъта, уотемæй, кизгуттæн сæ гъæлæси насвай адтæй…

Фæсевæд, уæлдайдæр æ психикæ гъигæдард кæмæн æй, етæ уæлдай ахиддæр исунцæ наркомантæ, токсикомантæ, думунцæ спайстæ. Незæн æ не ’руадзун æнцондæр æй, æ исдзæбæх кæнунæй, хумæтæги нæ фæззæгъунцæ. Уомæ гæсгæ, фæсевæди хæццæ гъæуй лæмбунæг дзубанди кæнун, бийнонтæй райдайæ æма наркологтæй фæуую. Еумæйаг архайдæй нæуæг анзи райдайæнæй майи мæйи уæнгæ ахургæнæндæнтти цæудзæнæнцæ медицинон профилактикон æркæститæ, бæрæг кæндзæнæнцæ, наркотиктæ æма психотропон бауæргъæдтæ ка кæнуй æригæнттæ æма фæсевæдæй, уони. Нуриуæнгæ еци куст арæзт цæудзæнæй барвæндонæй, къæлиндармæ гæсгæ. Фал, наркологти гъудимæ гæсгæ, нæ рæстæги ахсгиаг æй гъуддагмæ лæмбунæг æркæсун æма закъонадон акттæмæ æййивддзийнæдтæ бахæссун, цæмæй биццеутæ æма кизгуттæ барвæндонæй нæ, фал æнæмæнгæ цæуонцæ æркастити. Тесттæ бафхуæруни туххæй нæ цæунцæ арæзт, фал афойнадæбæл рабæрæг кæнун, ка си «исахуста», уони, æма син фæййагъаз кæнун.

Раздæр гъуди кодтонцæ, аци къуармæ фулдæр æнæрæстмæ бийнонти сувæллæнттæ ке хаунцæ. Статистики бæрæггæнæнтæ куд амонунцæ, уотемæй е раст нæй. Наркологтæ æма ахургæнгути гъæуй ниййергути агъаз. Етæ сæхуæдтæ гъæуама разæнгард кæнонцæ сæ сувæллæнтти тесттæ рацæунмæ. Ахид сувæллони рахаст фулдæр арæзгæ фæууй ниййергути ’нгасæй аци процедурæмæ. Профилактикон медицинон æркастити рæстæг сæйрагдæр фæууй тесттæ цæунбæл къохесуни гъуддаг. Ниййергути тасдзийнадæ сæ фæстеугутæй ахиддæр баст æй, куд цæудзæнæнцæ, уой хæццæ зонгæ ке нæ фæуунцæ, уой хæццæ. Еуæй-еу хатт кæронмæ нæ балæдæрунцæ, куд ахсгиаг æй афойнадæбæл бозонун дæ сувæллон хъилмайæй пайда кæнуй æви нæ, уой. Æ не ’руадзуни гъуддагмæ кæсунцæ, куд хе цардмæ ниххелуни фæрæзнæмæ. Уотемæй ба ахсгиаг æй, æригон адæймаги æ райдайæнæй наркотиктæмæ цæмæдесдзийнадæй фæййеуварс кæнун, царди ин пайда ка ’рхæсдзæнæй, еци гъуддагбæл æй бафтаун. Тесттæ кæнун, фиццаги-фиццагидæр, хæссуй наркомани ма ’руадзун, фæсевæди фиццаг хатт наркотик исахуадунæй бахезун. Ахсгиаг æй, ахургæнæндæнтти сæрмагонд ахур кæмæ ес, уæхæн социалон педагогтæ, кæцитæ зонунцæ, республики ци наркоманий уавæр исæвзурдæй, скъоладзаутæ сæхе куд дарунцæ, уомæ цæстæ ку дариуонцæ æма ку райдайуиуонцæ косун еци гъуддагбæл. Еци ихæст æнхæст кæнун æй сæ бон кълæсти разамонгутæ æма скъолай психологтæн. Республики Ахурадæ æма науки министрадæ нæуæг анзи исараздзæнæнцæ сæрмагонд семинартæ еци специалисттæн.

АДÆМИ ÆЛГЪИСТÆЙ УÆЛÆРВТИ ТÆХÆГ МАРГЪ ДÆР НÆ ЕРВÆЗУЙ!..

# ЦÆМÆ ДЗУРДТОНЦÆ: «ГАНДЗАЙ АМÆТТАГ ФÆУУО?..»

*Нæ адæммæ, недзамантæй ардæмæ байзадæнцæ «Гандзай амæттаг фæууо!..», «Гандзабæл исæмбæлæ!..», зæгъгæ, æлгъиститæ. Етæ ци амонунцæ, уотæ бафæрсунцæ нæ газеткæсгутæй беретæ. Æма син абони дзуапп дæттæн, зундгонд ахургонд* ***Агънати Æхсарæ*** *(гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...), кæддæр уой фæдбæл ци уац ниффинста, уомæй.*

Аци æлгъиститæ фæззиндтæнцæ æцæг историон цаутæмæ гæсгæ. Астæуккаг æности Кавкази адæмти хæццæ тухтонцæ хорискæсæйнаг шахиншахтæ, султантæ, пашатæ æма визиртæ. Етæ æрæстæфтæнцæ Кавкази адæмти æнæбасæтгæ тухæ æма бæгъатæрдзийнадæ. Цæгат æма Хонсар Кавкази адæмти фæсевæд тугъди будури знаги къохмæ сæхе уодæгасæй нæ лæвардтонцæ. Гъе, еци бæгъатæрдзийнадæ æма тугъдон арæхстдзийнадæ сæ зæрдæмæ фæццудæй хорискæсæйнаг тухгæнгутæн. Уомæ гæсгæ сæ бафæндадтæй сæхецæн хуарз æфсад исаразун кавказаг лæхъуæнтæй. Фал кæми иссирдтайуонцæ фагæ ирон, гурдзиаг, черкесаг æма иннæ кавказаг адæмти сувæллæнттæй.



Еци рæстæги Гандза (нуртæккæ Кировобад Азербайджани) адтæй еугур Хорискæсæн бæстити базари бунат. Гандзамæ алли бæститæй уæйæ кæнунмæ ластонцæ аллихузи товартæ æма цагъайрæгти.

XII æноси Мисири паддзахеуæггæнæг династи Эйгоби Салахаддин (Саладин) Гандзамæ рарвиста устур караван аллихузон рæсугъд æма хъазар дзаумæуттæ кавказаг биццеутæ балхæнуни туххæй, фал æригон биццеутæ Гандзай базари нæ разиндтæй.

Мисийраг сæудегертæ берæ фæрразелæ-базелæ кодтонцæ Гандзай къумти, фал сæ къохи неци бафтудæй, уæд бадзубанди кодтонцæ цæгат-кавказаг сæудегерти хæццæ, цæмæй син етæ ’рбаласонцæ æртæ анземæй дууадæс анзей уæнгæ берæ биццеутæ. Цæгат-кавказаг сæудегертæ фиццаг бангъалдтонцæ, гириз кæнунцæ, зæгъгæ, уомæн æма уæди доги уæнгæ некæд фæууидтонцæ сувæллæнттæ уæйæгæнгæ.

Цæмæй сæбæл бауæндонцæ, уой туххæй мисийраг сæудегертæ цæгатæгтæн ракодтонцæ берæ лæвæрттæ æма син загътонцæ, ами биццеутæмæ æнгъæлмæ кæсдзæнæнцæ, зæгъгæ.

Цæгат-кавказаг сæудегертæ ’рбацудæнцæ сæ бæстæмæ æма исаразтонцæ сувæллæнтти давгути æма скъæфгути къуæрттæ. Еци давгутæ бæхтæбæл голлæги хæццæ зилдæнцæ алли гъæутæбæл æма давтонцæ берæ биццеутæ, уæдта сæ минкъийти – уæрдунти, сæ гъомбæлдæрти ба фестæгæй тардтонцæ Гандзамæ.

Мисири султан Саладин еци сувæллæнтти æмбурд кодта еу рауæнмæ æма сæ ахур кодта тугъдон гъуддагбæл уæдта араббаг æвзагбæл. Уотемæй Мисири султан историй фиццагидæр исаразта тугъдон гварди – мамлюктæ, гъома, æнæбарæ адæм.

Мисири султанмæ гæсгæ кавказаг сувæллæнтти Гандзай æлхæнун байдæдтонцæ Ирани, Турки æма иннæ Хорискæсæн паддзахæдтæ дæр. Етæ ма биццеутæй уæлдай æлхæдтонцæ минкъий кизгуттæ дæр сæ гаремтæн.

Уотемæй исахид æй сувæллæнтти давд æма скъæфт æнæгъæнæ Кавкази дæр.

Гандзай базари ци сувæллæнтти уæйæ кодтонцæ, етæ имистонцæ сæ райгурæн бæстæ, фал фæстæмæ некæдбал æрбаздахтæнцæ, уомæн æма сæ ластонцæ хъæбæр идард бæститæмæ. Хорискæсæни бæстити берæ адтæй мамлюктæ, гъома, Кавказæй давд сувæллæнттæ. Етæ XIII æноси сæхуæдтæ ниппурхæ кодтонцæ Мисири султани, байахæстонцæ ин æ бунат æма хецауеуæг фæккодтонцæ сауæнгæ XIX æноси уæнгæ.

Еци дзаманти сувæллон ци хæдзарæй фесæфидæ, етæ дардтонцæ сау æма сæхе худтонцæ зиангин хæдзарæ. Гъе, еци историон фудракæнди туххæй абони дæр ма нæ адæммæ байзадæй æлгъист: «Гандзай амæттаг фæууо».

***1960 анз.***

ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



## ДÆХУÆДÆГ ДÆХЕБÆЛ КУ НÆ АУОДАЙ...

Анзи райдайæнæй нуриуæнгæ Цæгат Иристони цæрæг 190 мин адæймагемæй фулдæр рацудæнцæ диспансеризаци. Алливæрсугон диспансеризаци рацæуæг адæми нимæдзæ рауадæй 20 минемæй фулдæр, незтæй багъæуай кæнуни фæдбæл æртæститæ ба æнхæстгонд æрцудæнцæ минкъий гъæуагæй 25 мин адæймагемæн.

Уомæй уæлдай, 100 мин сувæллонемæй фулдæр рацудæнцæ незтæй багъæуай кæнуни фæдбæл æртæститæ.

Уæлдай фулдæр æргом ’здахунцæ репродуктивон æнæнездзийнадæмæ: специалистти унаффитæ, уæдта ультразæлон, лабораторон æма æндæр æртæститæ кумæ хаунцæ, нуриуæнгæ 32 мин цæгатиристойнагемæй фулдæр архайдтонцæ уæхæн программи.

Цæугæ медицинон комплекстæ дæр сæ куст кæнунцæ. Минкъий гъæуагæй 45 мин адæймаги медицинон æртасуйнадæ ке фæрци рацудæнцæ, анзи райдайæнæй нурмæ аци комплекстæ банхæст кодтонцæ 1100 уæхæн рацудæй фулдæр.

Амунд мадзæлтти фæрци медиктæн ес незтæ рагацау рахатун æма сæ ахедгæ уагæй исдзæбæх кæнуни фадуат. Цæгатиристойнæгтæмæ ес еугур амунд æртæститæ Æнæмæнгæ æнхæст кæнуйнаг медицинон фæдзæхстади фæткæмæ гæсгæ лæвар рацæуни барæ.

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 394 СОМИ ÆМА 38 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2206**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 10.10.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.10.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**